

Lekòl Nyack UFSD la ap Ekzekite yon Plan Pou Entèdi Lawont nan Zafè Manje

Bi Distri Lekòl Nayak la se pou pèmèt tout elèv gen aksè nan manje nourisan gratis oswa manje pri ba chak jou nan lekòl la, e pou asire chak elèv ki gen paran ou gadyen ki pa peye manje yo, pou pèsonn pa fè yo wont oubyen trete elèv sa yo yon fason diferan.

Biwo Edikasyon an pa vle yon elèv gen lawont ou santi li malalèz si li pa gen ase lajan/fon pou peye manje lekòl la. Pou asire chak elèv ka jwenn manje nourisan e apwopriye e pou pa trete elèv sa yon fason diferan, Distri a ap mete sou pye yon plan pou adrese bezwen chak elèv kèlkeswa kapasite finansye paran ou gadyen an.

Entansyon plan Distri a, se pou mete sou pye yon seri estrateji e règleman pou anplawye Distri a ak otorite Sèvis Manje yo pou bay elèv yo manje regilyèman (manje maten ak manje midi) nan yon fason ki pa fè elèv wont, e yo dwe fè sa yon fason ki pa ale a lankont règleman yo.

Repa/Manje

Distri a rekonèt enpòtans bon nitrisyon ak opòtinite pou bay manje nourisan pou tout elèv. Ap genyen manje maten ak manje midi ki ranbousab, ap genyen ti goute e diferan manje elèv la ka kòmande separeman (a- la- carte) Men kijan nap pwosede :

- **Distri a ap bay manje yo ka ranbouse daprè chwa elèv la fè, kèlkeswa si li ka peye ou pa..**
- **Distri a pa pèmèt chaje granmoun pou yon ti goute oswa manje kòmande separe yo. (a-la-carte) Tip manje sa yo dwe peye ak lajan kash oswa itilize kont ki peye davans pou repa yo.**
- **Si yon paran /gadyen pa vle Distri a chaje repa yo sou kont yo, Paran/Gadyen a dwe avèti Distri a alekri, epi Distri a ap mete enfòmasyon yo nan sistèm yo itilize a.**

Règleman Manje ak Enfòmasyon e Enskripsyon Pou Pwogram Manje a

Nan kòmansman ane eskolè a, Distri a ap enfòme tout fanmi nan Distri a sou kalifikasyon konsènan Règleman Distri a sou pwogram Manje a e opòtinite pou aplike pou jwenn manje gratis ou a yon pri redui. Nap bay enfòmasyon sa yo bay fanmi ki transfere nan Distri a pandan ane eskolè a e nap pibliye yo nan sit Entènèt Distri a e nan kalandriye an tou.

Pou ankouraje fanmi yo ranpli aplikasyon sa, anplwaye Distri a ap fè tout posib pou fasilite pwosede a. Men kisa Distri a ap mete sou pye:

- Bay èd pou pèmèt paran/gadyen ranpli aplikasyon pou manje gratis e a pri redui. Èd sa ap gratis.
- Mete aplikasyon pou manje gratis ak pri redui nan papye enskripsyon elèv la.
- Mete aplikasyon pou manje gratis ak pri redui nan piblikasyon Distri e nan sit entènèt li.
- Tradui aplikasyon an nan lang anglè, panyòl ak kreyòl.
- Ofri èd nan lang anglè, panyòl ak kreyòl.
- Bay paran/ gadyen an 30 yo ka transfere nan ane eskolè anvan an si elèv la kalifye.
- Raple paran yo ke yo genyen 30 jou repi (san penalite) pou aplike ankò anvan ane eskolè a.
- Si Distri a vin okouran ke genyen yon elèv ki kalifye pou manje gratis ou a pri redui, administrasyon an ap pran inisyativ ranpli fòm la pou elèv la.
- Anplwaye responsab pou ede elèv ki adopte, san kay ak imigran, dwe kowòdone ak anplwaye sèvis manje yo pou fè chak elèv resevwa manje gratis lekòl la.

Si yon elèv gen 5 manje ki pa peye, anplwaye Distri a ap enskri elèv la nan pwogram manje gratis « FRL » oswa a pri redui.

- Fè tout efò pou detèmine si elèv la kalifye pou genyen manje gratis.
- Enfòmè paran/gadyen elèv la omwen de fwa konsènan balans ki gen pou peye pou manje yo e ankouraje paran/gadyen elèv la pou aplike pou pwogram la.
- Kontakte paran/gadyen elèv la dirèkteman pou ofri èd pou ranpli aplikasyon e pou detèmine si genyen lòt faktè ki esplike rezon elèv la pa gen ase lajan pou achte manje e lè sa nou ka ofri lòt èd apwopriye.

Pou pèmèt nou idantifye tout elèv ki kalifye pou resevwa manje gratis oswa a yon pri redui, anplwaye Distri a ap pran sèten mezi:

- Gen aksè dirèk done yo nan sistèm « Pwosesis Sètifikasyon », “Certification Matching Process” (DCMP) pou detèmine dat elèv la kalifye pou pwogram la.
- Aprann paran yo ke pa oblije ranpli yon aplikasyon si yo kalifye pou sètifikasyon dirèk.
- Swiv fòmalitye pou kowòdone ak lyezon lekòl la pou asire tout timoun imigran, adoptif, timoun san kay e sa ti sove kite lakay yo kalifye byen vit.
- Nan sèten sikonstans ekstrawòdinè, administratè Distri a, ka ranpli yon aplikasyon pou timoun nan si genyen ase rezon ak ase dokiman pou pèmèt sa fèt Yo rele dokiman sa (7 CFR Part 245.6 (d))

Règleman pou Peye Frè Manje

Sa ki anba yo se sistèm Distria an mete sou plas pou konfòme ak règleman Leta mete sou pye pou pèmèt chaje frè manje yo e pou kenbe yon sistèm pou rann leta kont pou manje yo chaje yo.

- Se sèl manje regilye yo sipoze chaje/fè peye, sa vle di manje ki nan meni an, eksepte manje siplemantè tèlke, manje yo ka kòmande separe, « a la carte » ak ti goute.
- Pou pwoteje konfidansyalite tout elèv, e pou evite elèv yo itilize idantifikasyon yon lòt pou chaje manje e pou kenbe sistèm vann manje an, elèv yo dwe mete chif ki itantifye yo lè yap achte manje.
- Lekòl la pa sipoze refize bay yon elèv manje menn si pa gen kòb nan balans li, se sèl si paran/gadyen an fè deman alekri pou pa bay timoun nan manje, lè sa, lekòl la ap suiv volonte paran an.
- Yo pa sipoze fè elèv ki paka peye yo lawont, ni idantifye yo devan moun, oswa trete yo yon fason diferan lòt elèv.
- Se ak lajan oswa manje granmoun lekòl yo peye davans Distri a otorize pou achte, ti goute, manje kòmande separeman (a la carte) rantre nan kategori sa tou.

Entèdiksyon

Pou asire Distri a trete tout elèv egalego, san distenksyon kèlkeswa kapasite finansye pou peye manje yo, Distri an pran sèten mezi ki entèdi anplwaye yo pran aksyon ki defavorize elèv la. :

- Yo pa sipoze anonse piblikman non elèv ki pa peye manje yo.
- Yo pa sipoze voye anons bay timoun pote lakay yo bay paran/gadyen ki gen balans sou peman manje yo.
- Yo pa sipoze mete so sou men timoun yo, bando nan ponyèt yo, adeziv oswsa nenpòt lòt bagay ki idantifye elèv ki gen kredi yo poko paye.
- Yo pa sipoze mande elèv ki gen kredi pou fè menaj/kòve lekòl la.
- Yo pa sipoze jete manje elèv la nan fatra.
- Yo pa sipoze pran okenn aksyon kont elèv ki gen kredi pou manje lekòl yo.
- Yo pa sipoze diskite dèt manje yon elèv nan prezans lòt.
- Yo pa sipoze bay elèv la lòt kalite manje.
- Yo pa sipoze itilize yon pèseptè dèt. Voye moun pou kolekte dèt)

Kontabilite e Kredi Manje

Paran ki pa rive peye pou manje yo se yon chay lou finansye pou Distri a, e sa bay distri a yon ti pwoblèm pou konfòme ak règleman gouvènman an ak Pwogram Nutrition Timoun. Pwosede anba yo ap abode sa Distri pral fè pou rekipere lajan ki poko peye.

- Anplwaye Distri a pa dwe diskite dèt yon elèv genyen devan yon lòt. .

- Distri a pa sipoze pran okenn aksyon kont yon elèv pou kolekte lajan elèv la pa peye pou manje yo.
- Distri a ap itilize yon pwogram elektwonik kap pèmèt idantifye e anrejistre tout manje elèv yo pa peye. Se nan sistèm sa tout enfòmasyon yo ap anrejistre.
- Distri a pap pran okenn aksyon kont elèv ki pa peye.
- Distri a ap reklame manje pou leta ranbouse lè elèv la resevwa manje yo, se pa jou elèv la peye kredi manje yo.
- Premye lèt paran yo ap resevwa konsènan balans ki poko peye ap soti nan sistèm nou mansyone pi wo an. Lèt sa ap genyen dat, montan e konbyen elèv la dwe.
- Biwo sèvis manje a ap voye rapò bay direktè lekòl yo konsènan balans dèt manje yo chak, semèn. Direktè lekòl la ap kontakte anplwaye lekòl la ki an chanj pou rezoud kesyon dèt manje yo, sa ap fèt an sekre.
 - Distri a ap ofri enfòmasyon ak èd konsènan pwogram manje gratis ak manje redui.
 - Lè balans kont yon elèv rive nan yon limit ki te déjà detèmine davans pou ane an, direktè lekòl la ap enfòme paran/gadyen an kijan yo ka mete kòb nan kont yo. Sepandan, paran/gadyen elèv la dwe peye balans kont la nan fen ane an anvan elèv la kite distri a.
 - Si elèv la gen yon balans negatif omwen pou 5 repa/manje, Distri a ap gen pou detèmine si elèv sa elijib toujou pou manje gratis. An menm tan, direktè lekòl la ap fè tout efò pou ofri paran/gadyen èd pou ranpli fòm pou manje gratis oswa manje a pri redui. Si paran/gadyen an kontinye pa peye lajan pou manje yo distri a ap pran sèten mezi apwopriye, tèlke enfòme depatman sèvis sosyal lokal si yo sispèk gen neglijan.
 - Biwo Biznis Distri an ap bay rapò chak mwa konsènan balans ki rete nan manje ki pa peye pou chak lekòl.
 - Direktè chak lekòl yo ap resevwa yon lis konfidansyèl ki genyen non elèv nan lekòl yo ki te elijib pou resevwa manje graits oswa a pri redui nan ane anvan an, donk konsa, yo ofri fanmi an èd anvan 30 jou gras/repri a fini. Si paran/gadyen an pa ranpli yon nouvo fòm pou pwogram manje gratis ou pri redui, pitit yo pap kabap patisipe.

Regle Dèt

- Daprè Distri a, yo konsidere tout dèt manje yo kòm dèt « delenkan », move dèt. Distri a ap fè tout posib pou rekipere lajan ki gen deyò anvan fen ane eskolè a e ap kontinye nan nouvo ane a tou. Distri a ap enfòme paran/gadyen elèv ki gen dèt pou manje yo e yap fè tout efò pou ranmase lajan sa yo san yo pa bezwen enfòme ajan ki an chaj pou koleksyone dèt yo daprè la lwa gouvènman (15 USC &1692a), e yo pap mete enterè sou kòb la non pli . Distri a ap ofri yon plan pou peye e sis a pa mache, yap oblije pran lòt aksyon kont paran/gadyen elèv la jiskaseke yo regle

dèt yo. Aksyon Distri pap gen okenn efè sou santiman timoun an. Li pap fè timoun nan mal ni anbarase l.

Rès Fon

- Paran/gadyen ki gen rès lajan nan kont yo, ka transfere kòb sa nan ane kap ane eskolè kap vini a. Lè yon elèv kite distri a oswa li gradye, distri a ap eseye kontakte paran/gadyen elèv la pou retounen rès fon manje yo. Paran/gadyen ka mande pou transfere fon yo bay yon lòt elèv, tèlke yon (fanmi) Tout transfè dwe fèt alekri. Distri a ap pran fon paran/gadyen pa reklame apre yon ane fiskal e mete li nan fon jeneral lekòl la

Manje Anplwaye yo

- Anplwaye yo gen dwa achte manje nan men sèvis pwogram nitrisyon Distri nan pri repa/manje pou granmoun Pwogram Nitrisyon an detèmine. Tout achat dwe fèt ak kòb kach. Anplwaye yo pa gen dwa achte manje sou kredi.

Fòmasyon

Nan pwogram Distri a mete sou pye pou fòmasyon anplwaye yo, ap gen yon seksyon pou mezire e asire konpreyasnyon aplwaye yo.

- Ap gen fòmasyon chak ane e pandan tout ane pou anplwaye yo pou devlope estrateji pou jere frè manje yo, yap gen pou itilize enfòmasyon ki nan sit NYSED (depatman edikasyon leta NY) (<https://site.gcntraining.com/t02411/national-school-lunch-program>).
- Nan fòmasyon anplwaye yo nap jwenn enfòmasyon konsènan kijan yon elèv ka kalifye e sètifye pou manje gratis owsa a pri redui.